

## **Rezolisyon Komisyon Revizyon Manman-Lwa Vil New York pou Ane 2018:**

Alòske Komisyon Manman-Lwa Vil New York 2018 la te fè yon premye seri odyans piblik, youn nan chak minisipalite Vil la;

Alòske Komisyon an te tande epi aksepte temwayaj alekri ofisyèl ki pase nan eleksyon ak manm piblik la nan reyinyon sa yo, tankou reprezantan enterè piblik gwoup defans, pati politik a

Alòske answit, Komisyon an te ankouraje piblik la pou bay kòmantè yo nan anpil kalite metòd, tankou sou sitwèb li ak nan anpil kalite fòm medya sosyal; epi

Alòske ekip Komisyon an te mande kòmantè ak lide responsab depatman yo ki nan minisipalite vil la ak anplwaye yo; epi

Alòske revizyon temwayaj ak kòmantè Komisyon an te resevwa yo montre anpil kalite kesyon ki enterese moun New York;

Alòske revizyon temwayaj yo ak kòmantè yo endike enterè patikilye ak jeneral nan anpil kesyon: anpil kalite mezi pou ankouraje patisipasyon serye nan eleksyon yo, tankou vòt imedyat nan eleksyon pou kandida ki an balotaj ak lòt refòm yo nan eleksyon; refòm nan finansman kanpay elektoral, reprezantasyon onèt, tankou re-dekoupaj endepandan; epi elajisman ak ranfòsman angajman sivik, tankou egzaminasyon wòl Konsèy Kominote yo;

Kounye a, poutèt sa, nou MANDE pou Komisyon an envite lòt diskisyon ak temwayaj ak analiz ekspè ak pratisyen sou kesyon sa yo;

Epi nou ka DESIDE pou Komisyon an mande ekip la pou fè plis rechèch sou kesyon sa yo ak analize yo;

Epi answit nou ka DESIDE pou Komisyon an planifye pou ekspè ak pratisyen ki nan domèn sa yo patisipe nan diskisyon angwoup ki dwe fèt pandan mwa jwen an;

Answit nou ka DESIDE, pou nan fen diskisyon sa yo ekip la dwe prepare yon rapò ki rezime ak analize rezilta diskisyon ki endike yo ak lòt rechèch ak rekòmandasyon preliminè ki ladan yo.

Epitou, nou DESIDE answit, apre piblikasyon rapò ekip la, Komisyon an dwe fè yon dezyèm seri reyinyon piblik, youn nan chak Minisipalite Vil la, pou mande kòmante piblik la sou rekòmandasyon preliminè yo.